

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.I Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung analisis ngeunaan modél pangajaran *experiences* dina nulis carita pondok ka siswa kelas XI IPA 3 SMAN 15 Bandung taun ajaran 2013/2014, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 3 SMAN 15 Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh ngagunakeun modél *experiences*, sacara umum dianggap masih can mampuh. Ku sabab, tina jumlah siswa 36 urang ngan 7 urang (19,4%) anu kakara ngahontal KKM, sedengkeun 29 urang (80,6%) acan bisa ngahontal KKM. Jumlah rata-rata hasil kamampuh awal (pratés) nyaéta 64,7, nu hartina can mampuh ngahontal KKM. Dumasar aspék nu diajén, rata-rata aspék eusi carpon nyaéta 2,75, aspék imajinasi 2,33, aspék tokoh jeung penokohan 2,78, aspék galur 2,75, aspék hubungan antar paragraf 2,75, aspék mékanik (éjahan jeung diksi) 2,61, sarta nu pamungkas aspék gaya nyaéta 2,3.
- 2) Kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 3 SMAN 15 Bandung taun ajaran 2013/2014 sabada ngagunakeun modél *experiences*, sacara umum dianggap mampuh. Ku sabab, tina jumlah siswa 36 urang, 29 urang (80,6%) geus ngahontal KKM atawa mampuh nulis carita pondok kalawan hadé, sedengkeun 7 urang (19,4%) acan bisa ngahontal KKM atawa acan mampuh nulis carita pondok kalawan hadé. Jumlah rata-rata hasil kamampuh ahir (postés) nyaéta 78,3. Dumasar aspék nu diajén, rata-rata aspék eusi carpon nyaéta 3,11, aspék imajinasi 3,16, aspék tokoh jeung penokohan 3,05, aspék galur 3,44, aspék hubungan antar paragraf 3,27, aspék mékanik (éjahan jeung diksi) 3,02, sarta nu pamungkas aspék gaya nyaéta 3 .

- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *experiences* siswa kelas XI IPA 3 SMAN 15 Bandung taun ajaran 2013/2014. Sabab, tina hasil uji hipotésis kapaluruh yén $t_{itung} (14,26) > t_{tabel} (2,44)$ hartina, hipotésis alternatif (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_o) ditolak. Lian ti éta, ieu hal bisa katitén tina hasil uji gain anu ngaronjat 13,27% tina hasil pratés nu 64,7% ngaronjat jadi 78,5%. Hartina modél pangajaran *experiences* téh bisa ngaronjatkeun nulis carita pondok.

Sakumaha anu geus kaunggel di luhur, bisa dicindekkeun yén modél pangajaran *experiences* bisa digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 3 SMAN 15 Bandung taun ajaran 2013/2014. Ku sabab, aya béda anu signifikan antara kamampuh awal jeung ahirna, ogé ngaronjatna hasil kamampuh awal (pratés) saméméh ngagunakeun modél pangajaran *experiences* jeung kamampuh ahir (postés) sabada ngagunakeun modél pangajaran *experiences*.

5.2 Saran

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *experiences* dina nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 3 SMAN 15 Bandung taun ajaran 2013/2014, aya sababaraha saran ti panalungtik anu perlu ditepikeun ieu dihandap.

- 1) Tina hasil panalungtikan, kabukti yén modél *experiences* téh eféktif pikeun pangajaran nulis carita pondok. Ku kituna, modél *experiences* bisa dijadikeun salasihiji modél pangajaran alternatif pikeun guru, sangkan bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis carita pondok atawa pangajaran nu lianna.

- 2) Dipiharep aya panalungtikan séjén ngeunaan modél pangajaran *experiences* dina matéri pangajaran lianna.